



Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO FINI PWOJÈ LOJMAN ABÒDAB KI KOUTE
28 MILYON DOLA POU MOUN NEW YORK KI GEN LAJ 55 ANE AK PLIS
NAN SANT VIL ROCHESTER**

***Landmark at Sibley Square Ofri 72 Apatman Modèn nan Yon Gran Magazen Istorik
ki Renove***

***Investisman an ap Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti Landmark at Sibley Square, yon investisman 28 milyon dola pou renove gran magazen istorik Sibley pou vini yon lojman abòdad ki gen 72 inite pou moun ki gen 55 lane ak plis nan sant vil Rochester. Nouvo apatman modèn yo, ki tou prezante yon sant ekzèsis fizik, chanm jwèt, salon, kwizin, ak blanchisri, se pati yon transfòmasyon global batiman Sibley a (Sibley Building), sa enkli apatman pou fanmi ki gen nivo revni ki varye, ansanm ak espas komèsyal ki disponib pou konpayi nan sant vil Rochester.

“Revitalizasyon kontini Batiman Sibley a pral pote yon nouvo lavi nan sant vil Rochester ak ofri lojman abòdad ki si nesèsè bay moun New York ki gen 55 ane ak ki pi gran ki vle pwofite de tout sa lavi nan sant vil lan gen pou li ofri”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan Rochester kontinye ap fleri, nou pral kontinye fè vanse Finger Lakes Forward lè nou ap kreye travay, ofri pi bon kalite lavi, ak estimile kwasans ekonomik pou tout rejyon an.”

“Pandan tan mwen an kòm Gouvènè Adjwen, mwen te wè transfòmasyon kontini Batiman Sibley a, epi jodi a make yon lòt etap enkwayab nan istwa estrikti mayifik sa a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pandan n ap selebre pwogrè ekonomik kontini, Sibley Square pral yon lòt fwa ankò vini episant aktivite nan sant vil Rochester. Ak plizyè douzèn opsyon nouvo lojman abòdad pou vyeya, n ap asire tout moun ka vini fè pati revitalizasyon nan Rochester ak Rejyon Finger Lakes. Batiman Sibley se plis pase brik ak mòtye a. Restore li se yon senbòl lespwa ki renouvle nan vil la ak atravè rejyon an.”

Rezidan pral tou gen aksè a Sant Lifespan pou Vyeya (Lifespan’s Senior Center), sant gadri timoun ki rele Rezo Timoun AnPremye nan Rochester (Rochester Childfirst

Network), Eastman Dental, yon mache iben, ak tout lòt magazen ki sitiye ozanviron Sibley Square, sa enkli Citizens Bank.

Batiman Sibley a te louvri an 1868 kòm premye gran magazen nan Rochester, epi gen yon tan li te pi gran magazen ant Vil New York ak Chicago. Plizyè jenerasyon rezidan ak vizitè Rochester te gen bèl souvni afich fenèt magazen nan peryòd fèt ki te konn atire foul nan sa a lokal ki sitiye nan sant vil la. Yo te fèmen magazen an 1989. Pi bonè pandan mwa sa a, Lig Prezèvasyon nan Eta New York (Preservation League of New York State) te chwazi Sibley Square pou resewa prim pou Ekselans nan Prezèvasyon Istorik (Excellence in Historic Preservation).

Konsepsyon ak konstriksyon pwojè a respekte direktiv Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York pou “Inisyativ Batiman Ekolojik ak Batiman ki gen Efikasite pou Enèji” (Green Building and Energy Efficiency Building Initiative) epi li obeyi Kouvèti Sètifika Enterprise Green Communities pou Ane 2011 (2011 Enterprise Green Communities Certification Overlay). Eleman lojman abòdab ki gen 72 inite a li menm tout gen sètifika Enterprise Green Communities. Tout aparèy elektromenaje ak limyè nan batiman an gen etikèt ENERGY STAR epi nan nivo sa posib, yo te aplike tout prensip ak kondisyon fondamantal pou LEED Core & Shell pou espas lokatè yo.

Renouvèlman Kay ak Kominote nan Eta New York te ofri prèske 8 milyon dola pou finanse Landmark at Sibley Square nan fòm yon prè ki soti nan men Pwogram Finansman Fidisyè Lojman (Housing Trust Fund) nan men HCR. Alokasyon Kredi Taks Federal pou Lojman pou Moun Ki Gen Revni ki Ba (Federal Low-Income Housing Tax Credit) nan men HCR pral jenere prèske 11.5 milyon dola an ekite pou pwojè a, epi alokasyon Kredi Taks Istorik nan Eta New York (New York State Historic Tax Credits) pral jenere plis pase 4.1 milyon dola an ekite. Lòt sous finansman enkli 2 milyon dola nan men Vil Rochester, ak 1.8 milyon dola nan men Community Preservation Corporation (Konpayi Prezèvasyon Kominote).

Ak faz Landmark nan transfòmasyon batiman Sibley fini konplè, y ap kontinye travay sou faz Spectra nan renovasyon yo, sa enkli espas komèsyal ak plis pase 100 apatman pou revni melanje pou fanmi ak endividi. Pwojè sa yo rejwenn batiman [NextCorps](#) yo fèk fini, ki okipe sizyèm etaj nan Batiman Sibley epi ki sipòte konpayi teknoloji avanse ki rete entegral nan revitalizasyon Rochester.

Depi 2011, Renouvèlman Kay ak Kominote te konstwi ak prezève plis pase 2000 kay abòdab nan Vil Rochester ak plis pase 3,500 kay abòdab nan Konte Monroe. Landmark nan Sibley se pati plan senk lane 20 milya dola Gouvènè a pou li kreye oubyen prezève plis pase 100,000 kay abòdab ak plis pase 6,000 sèvis sipò.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, te deklare, “Gouvènè Cuomo konprann lè li prezève ak re-italize trezò istorik nou yo, nou ka rann vil nou yo, komin nou yo ak katye nou pou yo vini kominote vibran k ap pwospere. Landmark at Sibley Square ofri 72 apatman abòdab bon kalite epi kontinye ak efò nou yo pou nou chanje sant vil yo epi ede asire tout moun New York gen opòtinite pou rejwenn Rejyon Finger Lakes la pandan l ap pwogrese”.

Rose Harvey, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare, “Se yon plezi pou nou wè pwogrè WinnDevelopment nan pote nouvo lavi nan Batiman istorik Sibley a. Ak asistans pwogram Kredi Taks Istorik la, Eta New York rete lidè nan nasyon an pou sa ki konsène revitalizasyon vil patrimwàn”.

Senatè Joe Robach te deklare, “Pou rezidan Rochester ak Konte Monroe, Batiman Sibley a reprezante yon koneksyon ak pase nou epi yon chemen pou fiti kominote nou yo. Revitalizasyon batiman istorik sa a kontinye gran ouvèti Landmark at Sibley Square, li ofri lojman pou moun ak fanmi ki gen tout laj epi li rete sant inovasyon pou nouvo jenerasyon teknoloji avanse nan Rochester. Li vitalman enpòtan pou Eta New York kontinye investi nan pwojè tankou sa a pou nou kapab kontinye fè kominote nou an avanse”.

Lidè Majorite Asanble a, Joseph D. Morelle, te deklare, “Jodi a make yon jou ki reyèlman eksitan nan renovasyon espri ak objektif Batiman Sibley a. Redevlopman sa a pral ofri fanmi ak endividi nan kominote nou an yon espas ki ansekirite, estab ak abòdab pou yo rele kay yo nan kè sant vil la. Mwen rekonesan anvè tout patnè nan gouvènman ak nan kominote nou an ki te travay pou rann gran ouvèti jodi a posib”.

Manm Asanble David F. Gantt te di, “Sa a se yon jou makan pou Vil Rochester. Mwen te toujou sipòte lojman abòdab pandan tout karyè mwen epi mwen aplodi angajman Gouvènè Cuomo pou li ofri lojman abòdab ki nesèsè ki kontinye efò nou yo pou revitalize sant vil la. Li se rezilta yon vrè patenarya ant sektè piblik ak prive epi efè pozitif yo pral pwopaje soti nan Rochester ale atravè tout rejyon Finger Lakes la”.

Majistra Rochester a Lovely A. Warren te deklare, “Ofri apatman abòdab nan Sant Vil la pou vyeya ki aktif pral pote nouvo enèji nan Sant Vil nou an. Nou konnen pou Sant Vil la vibre li dwe melanje. Nou vle wè moun diferan, laj diferan, chwa diferan nan lojman, travay, restoran ak magazen. Sant Vil la kounye a gen yon bagay pou chak moun, menm si yo la pou yo rezide, travay oubyen amize yo”.

Gilbert Winn, ki se PDG WinnCompanies la te deklare, “Ak ouvèti The Landmark, ki ofri pi gwo kalite eksperyans lavi pou vyeya ki aktif dirèkteman nan sant vil la, nou te pran yon lòt gwo etap pou etabli repitasyon Sibley kòm yon destinasyon pou tout moun pou travay, jwe ak viv nan Rochester. Sibley Square reprezante yon modèl nasyonal pou redevlopman gwo enpak ak itilizasyon melanje nan yon sant vil. Sa nou te reyalize a pa tap ka posib san konfyans ak sipò piblik la, patnè prive ak patnè a bi non-likratif ki te gen volonte pou pataje ris la ak nou epi ede sant vil Rochester repran potansyèl li. Transfòmasyon an ap kontinye”.

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 5.2 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi

biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)